



Pou Piblikasyon Imedya: 3/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN YON PWOJÈ REYABILITASYON KI KOUTE 6.5 MILYON DOLA NAN PAK ETA GENESEE VALLEY GREENWAY LA**

*Pwojè a amelyore 27 kilomèt santye soti nan men Rochester rive Avon*

*Sipò prive ki soti nan Fondasyon Ralph W. Wilson Jr. amelyore resous pou lwazi ki mezire 145 km*

*Gade foto yo [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman yon pwojè 6.5 milyon dola pou amelyore Pak Eta Genesee Valley Greenway (Genesee Valley Greenway State Park) soti Rochester rive nan vilaj Avon. Reyabilitasyon twonson 27 km nan ekstremitè nò wout vèt la te sipòte pa yon sibvansyon 2.5 milyon dola ki soti nan Fondasyon Ralph C. Wilson, Jr. (C. Wilson, Jr. Foundation) ki se yon fondasyon san bi likratif ki te kreye apre lanmò ansyen pwopriyetè Buffalo Bills la an 2014, ansanm ak finansman eta ak federal

"Amelyorasyon sa yo nan Pak Eta istorik Genesee Valley Greenway pral pèmèt plis rezidan ak vizitè eksplòre santye panoramik la, forè, ravin, ak vilaj istorik ki fè l tounen yon destinasyon ke yo dwe vizite nan New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lespri defen Ralph C. Wilson, Jr. ap viv atravè efò filantwopik jenere ki elaji opòtinite lwazi yo ak ranfòse aktivite touristik yo. Nou rekonesan anvè tout patnè nou yo ki te ede kreye yon chemen ki pa tankou okenn lòt nan Lwès New York."

Amelyorasyon yo enkli nouvo sifas wout ki gen pousyè ak wòch, amelyorasyon enfrastrikti ak sinyalizasyon soti nan Ballantyne Road nan Rochester rive nan Route 5 nan vilaj Avon nan Konte Livingston. Yo te ajoute nouvo karakteristik ki enkòpore blòk an wòch istorik ki soti nan kanal la, tankou ban, tab piknik, etajè pou bisiklèt, monti pou chwal, ak pano sinyalizasyon nan pòtay la. Anplis sibvansyon Fondasyon Wilson lan, pwojè a te enkli 2.5 milyon dola nan finansman Kapital Pak Eta ak 1.54 milyon dola sibvansyon Pwogram Altènatif Transpò (Transportation Alternatives Program) ki te administre pa Depatman Transpò Eta New York la.

**Komisè Pak Eta New York la, Erik Kulleseid, te deklare,** "Pak Eta Genesee Valley Greenway la bay opòtinite pou lwazi piblik pandan tout ane a, sou wout ak andeyò wout la, epi amelyorasyon sa yo rann li pi an sekirite ak pi akeyan pou siklis ak pyeton yo

pase anvan. Nou rekonesan anvè Fondasyon Wilson paske yo sipòte amelyorasyon sa yo ansanm ak Friends of the Genesee Valley Greenway ak efò san pran souf yo pou fè li sa li ye jodi a."

**Direktè Inisyativ Pak & Santye pou Fondasyon Ralph C. Wilson Jr., JJ Tighe, te deklare,** "Pwojè sa a pral amelyore aksè nan santye yo ak eksperyans itilizatè yo an jeneral atravè resifasaj santye ak amelyorasyon pano yo ansanm ak kreye koneksyon dirab ant kominote yo ki pataje li yo. Zanmi Genesee Valley Greenway ak patnè yo ap amelyore Genesee Valley Greenway yon kilomèt edmi, yon pon ak yon seksyon alafwa. Nou kontan pou nou sipòte Friends of the Genesee Valley Greenway ak NYS Parks pou retabli bèl avantaj rejyonal sa a. Ak twonson 27 km sa a ki fini, nou kontan wè pwogrè kontinyèl nan direksyon tout wout vèt 145 km lan ki konekte Vil Rochester, Pak Eta Letchworth, Pak Eta Allegheny ak tout kominote ki sou Greenway la."

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Misyon nou nan Depatman Transpò Eta New York la se bay yon sistèm transpò ki an sekirite, efikas, ekilibre ak sen sou plan anviwònman ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi ak ogmante aksè ak tout itilizatè yo. Nou fyè dèske nou fè patenarya ak Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) Eta a pou sipòte amelyorasyon sa yo nan Pak Eta Genesee Valley Greenway, ki pral rann li pi fasil pou pyeton ak siklis yo fè eksperyans bèl santye sa a ki gen plizyè itilizasyon epi eksplòre youn nan pi bèl rejyon yo nan Eta New York."

**Patrick Gallivan, ki se Senatè Eta, te deklare,** "Eta New York beni ak kèk nan pi bèl pak ak tèren pak ki gen nan peyi a. Amelyorasyon yo te fè nan Pak Eta Genesee Valley Greenway estimile opòtinite lwazi pou rezidan yo ak vizitè yo. Mwen remèsye Fondasyon Wilson ak Zanmi Genesee Valley Greenway (Friends of the Genesee Valley Greenway) paske yo te travay ak Eta New York pou rann pwojè sa posib."

**Senatè Eta a Edward Rath, te deklare,** "e bèl bagay pou nou wè y ap fè investisman nan kominote a. Amelyore enfrastrikti aje nou an esansyèl epi sa enpòtan."

**Harry Bronson, ki se Manm Asanble a, te deklare,** "Espas vèt yo fòme yon kominote. Nouyòkè nan Rejyon Nò yo jwi tout kat sezon ak envèstisman tankou sa yo k ap sèvi dirèkteman fanmi ak timoun nou yo. Mèsi a Fondasyon Ralph C. Wilson, Jr. ak gouvènman federal la paske yo te fè patenarya ak Eta New York pou finanse bèl pwojè sa a. Siklis, kourè, moun k ap mache, machè a rakèt ak plis ankò pral kapab itilize chemen sa a pou plizyè ane k ap vini isit la nan rejyon nou an."

**Manm Asanble Marjorie Byrnes te deklare,** "Greenway la se yon bèl avantaj pou rejyon nou an. Li montre sa ki pi bon nan lwazi deyò ki an sante. Chen mwen ak mwen mache sou wout vèt la souvan. Amelyorasyon sa yo pral asire ke y ap jwi trezò lokal sa a ap pou jenerasyon k ap vini yo."

**Majistra Vilaj Scottsville, Maggie Ridge te deklare,** "Li pa janm sispann etone mwen pou wè sa yon envestisman nan tan, enèji, pasyon, ak kèk finansman ka fè. Santye sa a se vrèman yon jwayo nan Scottsville e li pral kontinye rete sa pou plizyè ane k ap vini yo, gras ak resous talan ki te pèmèt sa a reyalize."

**Joan Schumaker, Prezidan Zanmi Genesee Valley Greenway, te deklare,** "Fanmi Genesee Valley Greenway yo te espere amelyore sifas santye yo, amelyorasyon enfrastrikti, ak amelyorasyon pwojè ki pote transfòmasyon sa a pou 30 dènye ane yo. Nou deja obsève yon ogmantasyon kantite vizitè ak rezidan lokal k ap itilize santye ki fèk amelyore epi eksprime apresyasyon yo. Nou espere sa a kontinye pandan itilizatè santye yo ap vin okouran de koneksyon Pak Eta GVG la ak Santye Empire State la ak lòt santye yo nan zòn nan. Mèsi a tout moun pou yon travay ki byen fèt."

**Dylan Carey, Direktè Pwogram Greenway la pou Pak & Santye New York (Parks & Trails New York), te deklare,** "Finisman pwojè resifasaj sa a se yon lòt etap enpòtan nan istwa 30 ane Genesee Valley Greenway la, epi l ap ede Greenway la kontinye sèvi kòm yon koneksyon enpòtan ant Santye Empire State la ak kominote pitorèsk yo nan Genesee Valley Trail Town. Nou remèsye OPRHP ak Fondasyon Ralph C. Wilson Jr. pou envestisman kontinyèl yo nan rezo santye vèt New York la."

Santye konplè, ki gen plizyè itilizasyon, pakouri 145 km soti nan Konte Monroe rive nan Konte Cattaraugus. Li swiv wout Kanal Genesee Valley a ak Branch Rochester nan Wout Ray Pennsylvania (Pennsylvania Railroad Rochester Branch.), Eta New York ap avanse yon pwojè "Pon Pak Eta Genesee Valley Greenway nan Konte Allegany" (Genesee Valley Greenway Bridges of Allegany County) ki koute 6.25 milyon dola, ki finanse pa yon lòt sibvansyon 1.25 milyon dola Fondasyon Ralph C. Wilson, Jr. ak [yon 5 milyon dola sibvansyon Pwogram Asistans Transpò. Pwojè a gen ladan konstriksyon](#) kat pon ak resifasaj pou bay 35 km wout santye kontinyèl nan santye ki konekte sèt kominote: Portageville, Rossburg, Fillmore, Houghton, Caneadea, Oramel, ak Belfast. Anplis de sa, yon [akizisyon resan](#) yon ansyen koridò tren 27 km nan ekstremitè sid santye a pral kreye opòtinite pou fèmèn twou vid ki genyen nan santye a epi kreye koneksyon ki nesèsè anpil pou kominote vwazen yo.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, tèren gòlf, ranp lansman bato ak plis ankò, ki te resevwa yon kantite rekò 78 milyon vizitè an 2020. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn rekreyatif sa yo, rele [518-474-0456](tel:518-474-0456) oswa [www.parks.ny.gov](http://www.parks.ny.gov), pran kontak avèk nou sou [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Instagram](#), [Twitter](#) oswa sou [blog](#) Pak Eta yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418